



Ranpli fòm sa a pou aplike pou avantaj konpansasyon travayè akòz yon chòk ou pran nan travay oswa yon maladi ki asosye-avèk travay ou. Tape oswa ekri an lèt detache aklè. Ou ka ranpli fòm sa a tou sou Entènèt nan sitwèb www.wcb.ny.gov.

Nimewo Dosye WCB (si ou konnen li): _____

A. ENFÒMASYON OU YO (Anplwaye)

1. Non: _____ 2. Dat Ou Fèt: _____ / _____ / _____
Prenon Dezyèm Prenon Non Fanmi
3. Adrès postal: _____
Nimewo ak Ri/Bwat Postal Vil Eta Kòd Postal
4. Nimewo Sekirite Sosyal: _____ 5. Nimewo Telefòn: (____) _____ 6. Sèks: Gason Fanm
7. Èske ou bezwen yon tradiktè si ou gen pou patisipe nan yon odyans Komisyon an? Wi Non Si se Wi, pou ki lang? _____

B. PATWON OU (YO)

1. Patwon ou lè ou te pran chòk la: _____ 2. Nimewo Telefòn:(____) _____
3. Adrès travay ou: _____
Nimewo ak Ri Vil Eta Kòd Postal
4. Dat yo te anboche ou: _____ / _____ / _____ 5. Non sipèvizè ou: _____
6. Bay non/adrès nenpòt lòt patwon (yo) nan moman ou te pran chòk la/maladi a: _____

7. Èske ou te pèdi tan nan travay nan lòt djòb (yo) akòz chòk la/maladi a? Wi Non

C. DJÒB OU nan dat ou te pran chòk la oswa maladi a

1. Ki tit djòb oswa deskripsyon djòb ou te genyen? _____
2. Ki kalite aktivite ou t ap fè nòmalman nan djòb la? _____

3. Èske djòb ou te? (koche yon kaz) Aplentan Atan-Pasyèl Sezonye Volontè Lòt: _____
4. Ki salè brit (anvan taks) ou te touche pou chak peryòd peman? _____ 5. Konbyen fwa ou te touche? _____
6. Èske ou te resevwa lojman oswa poubwa anplis salè ou? Wi Non Si se Wi, bay deskripsyon: _____

D. CHÒK OU OSWA MALADI OU

1. Dat ou pran chòk la oswa dat maladi ou te kòmanse: _____ / _____ / _____ 2. Lè ou te pran chòk la: _____ AM PM
3. Ki kote ou te pran chòk la/maladi a? (pa egzanp, 1 Main Street, Pottersville, nan pòt devan an) _____

4. Èske se te zòn travay regilye ou? Wi Non Si se non, pou kisa ou te nan zòn sa a? _____

5. Kisa ou t ap fè lè ou te pran chòk la oswa lè ou te vin malad? (pa egzanp, dechajman yon kamyon, tape yon rapò) _____

6. Kijan ou te pran chòk la/maladi a? (pa egzanp, mwen te tribiche sou yon tiyo epi mwen te tonbe sou planche a) _____

7. Bay eksplikasyon konplè sou kalite chòk la/maladi a; bay pati nan kò ou ki afekte (pa egzanp, jwenti pye gòch ou tòde, epi ou blese nan fwon): _____



NON OU: _____
Prenon Dezyèm Prenon Non Fanmi

DAT OU PRAN CHÒK LA/MALADI A: _____ / _____ / _____

D. CHÒK OU OSWA MALADI OU kontinye

- 8. Èske te gen yon objè (pa egzanzp, charyo-elevatè, matò, asid) ki te konsène nan chòk la/maladi a? Wi Non Si se Wi, kisa? _____
- 9. Èske chòk la se te rezilta itilizasyon oswa operasyon yon veyikil ki gen motè? Wi Non
Si se Wi, veyikil ou veyikil travay ou lòt veyikil Nimewo plak imatrikilasyon (si ou konnen li): _____
Si veyikil ou te konsène, bay non ak adrès konpayi asirans veyikil-a-motè ou: _____
- 10. Èske ou te bay patwon ou (oswa sipèvizè ou) avi pou fè li konnen chòk la/maladi a? Wi Non
Si se Wi, ou te bay avi a: _____ aloral alekri Dat ou te bay avi a: _____ / _____ / _____
- 11. Èske yon moun te wè ou lè ou te pran chòk la? Wi Non Pa Konnen Si se Wi, bay non yo: _____

E. RETOUPEN TRAVAY

- 1. Èske ou te sispann travay akòz chòk/maladi ou? Wi, nan ki dat? _____ / _____ / _____ Non, ale dirèkteman nan Seksyon F.
- 2. Èske ou te retounen travay? Wi Non Si se Wi, nan ki dat? _____ / _____ / _____ responsablite regilye responsablite limite
- 3. Si ou te retounen travay, pou kimoun w ap travay kounye a? Menm patwon a Nouvo patwon Travayè endepandan
- 4. Ki salè brit (anvan taks) ou touche pou chak peryòd peman? _____ Konbyen fwa ou touche? _____

F. TRETMAN MEDIKAL POU CHÒK OSWA MALADI SA A

- 1. Ki dat ou te swiv premye tretman ou? _____ / _____ / _____ Pa t resevwa okenn tretman (ale dirèkteman nan kesyon F-5)
- 2. Èske ou te trete anplas? Wi Non
- 3. Ki kote ou te resevwa premye tretman medikal ou deyò travay la pou chòk/maladi ou? pa t resevwa okenn tretman Sal-Dijans
 Klinik prive doktè Klinik/Lopital/Swen ljan Te Pase plis pase 24 èdtan nan Lopital
Non ak adrès kote ou te trete pou premye fwa: _____
Nimewo Telefòn: (____) _____
- 4. Èske ou toujou ap swiv tretman pou chòk/maladi sa a? Wi Non
Bay non ak adrès doktè (yo) k ap trete ou pou chòk/maladi sa a? _____
Nimewo Telefòn: (____) _____
- 5. Èske ou te gen yon lòt chòk nan menm pati nan kò a, oswa yon maladi similè? Wi Non
Si se Wi, èske yon doktè te trete ou? Wi Non Si se Wi, bay non ak adrès doktè (yo) ki te trete ou, epi **RANPLI EPI METE FÒM C-3.3 ANSANM AVÈK FÒM SA A:**

- 6. Èske chòk/maladi ou te pran anvan an te asosye? Wi Non
Si se Wi, èske ou t ap travay pou menm patwon w ap travay kounye a? Wi Non

Mwen fè yon reklamasyon avantaj anba Lwa sou Konpansasyon Travayè. Siyati mwen konfime enfòmasyon mwen bay yo se enfòmasyon ki vrè ak egzat dapre tout sa mwen konnen ak kwè.

Si yon moun fè espere oswa gen ENTANSYON POU FÈ MÈTDAM prezante, lakòz yo prezante, oswa prepare avèk konesans oswa konviksyon pou li prezante, oswa pou yon konpayi asirans prezante, oswa pou asirans pa li prezante nenpòt enfòmasyon ki gen nenpòt FO DEKLARASYON oswa si moun nan kache nenpòt enfòmasyon enpòtan, lajistis FÈT POU KONDANE MOUN SA A POU YON KRIM, epi moun sa a ka gen pou peye AMANN AK PASE TAN NAN PRIZON.

Siyati Anplwaye a: _____ Non an Lèt Detache: _____ Dat: _____ / _____ / _____
Sou non Anplwaye a: _____ Non an Lèt Detache: _____ Dat: _____ / _____ / _____

Yon moun ka siyen sou non anplwaye a sèlman si moun nan gen otorizasyon legal pou fè sa, epi si anplwaye a se yon timoun minè, si li pa gen konpetans oswa mwayen mantal pou siyen.

Mwen konfime dapre tout sa mwen konnen, enfòmasyon ak konviksyon, ki fòme apre yon rechèch ki rezonab anba sikonstans yo, deklarasyon ak lòt eleman enfòmasyon ki endike anwo a sipòte avèk prèv, oswa yo ka sipòte avèk prèv apre yon posiblite rezonab pou fè lòt ankèt oswa dekouvé.

Siyati Avoka/Reprezantan (si genyen): _____ Dat: _____ / _____ / _____

Non an Lèt Detache: _____ Tit: _____

Nimewo ID, si genyen: R _____ Si Reprezantan an gen Lisans, bay Nimewo Lisans lan: _____ Dat Ekspirasyon: _____ / _____ / _____



Eksplikasyon pou Ranpli Fòm C-3, "Reklamasyon Anplwaye"

Tanpri ranpli fòm sa a, epi voye li nan biwo distri (DO) Komisyon Konpansasyon Travayè zòn ou pou aplike pou avantaj konpansasyon travayè. Adrès yo endike anba eksplikasyon sa yo. Si ou bezwen èd siplemantè pou ranpli fòm sa a, kontakte Komisyon Konpansasyon Travayè a nan **1-877-632-4996**. Ou ka ranpli fòm sa a tou sou Entènèt nan sitwèb: [http:// www.wcb.ny.gov/](http://www.wcb.ny.gov/)

Si ou pa gen Nimewo Dosye Komisyon Konpansasyon Travayè ou, oswa si ou pa konnen li, tanpri kite espas sa a vid. Li pa obligatwa pou travay sou reklamasyon ou. Sonje pou antre non ou ak dat ou te pran chòk/maladi ou anlè paj de (2) a.

Seksyon A – Enfòmasyon ou yo (Anplwaye):

Enfòmasyon 1: Antre tout non ou, tankou prenon ou, dezyèm prenon ou, ak non fanmi ou.

Enfòmasyon 2: Antre dat ou fèt nan fòm mwa/jou/ane. Mete ane a an kat (4) chif.

Enfòmasyon 3: Antre adrès postal ou, tankou Bwat Postal ou, si ou genyen, vil oswa vilaj, eta ak Kòd postal.

Enfòmasyon 4: Antre Nimewo Sekirite Sosyal ou. Enfòmasyon sa a trè enpòtan pou ede nou sèvi reklamasyon ou pi vit.

Enfòmasyon 5: Endike nimewo telefòn kontak prensipal ou, ansanm avèk kòd rejyonal la. Sa ka gen ladan yon nimewo telefòn selilè.

Enfòmasyon 6: Endike sèks ou (Gason oswa Fanm).

Enfòmasyon 7: Yo fè odyans Komisyon an nan lang Angle. Si w ap bezwen yon tradiktè pou konprann pwosedi a, Komisyon an ap ba ou youn. Koche kaz Wi, epi endike lang ou bezwen an.

Seksyon B – Patwon Ou (yo):

Enfòmasyon 1: Endike patwon ou t ap travay pou li nan moman ou te pran chòk la oswa nan moman ou te vin malad.

Enfòmasyon 2: Antre nimewo telefòn pou patwon sa a, swa yon nimewo kontak prensipal oswa nimewo pou sipèvizè ou.

Enfòmasyon 3: Antre adrès patwon an, tankou Bwat Postal ou, si li genyen, vil oswa vilaj, eta ak Kòd postal.

Enfòmasyon 4: Endike dat patwon sa a te anboche ou.

Enfòmasyon 5: Antre non sipèvizè ou gen rapò dirèk avèk li sou yon baz regilye.

Enfòmasyon 6: Si ou gen plis pase yon djòb, tanpri endike non ak adrès tout patwon ou travay pou yo anplis travay kote ou te pran chòk la. Tanpri mete yon fèy apa si ou bezwen plis espas.

Enfòmasyon 7: Koche kaz Wi si ou te pèdi tan nan nenpòt nan lòt djòb yo akòz chòk ou oswa maladi ou; sinon, koche kaz Non.

Seksyon C – Djòb ou nan Dat Chòk la oswa Maladi a:

Enfòmasyon 1: Endike tit djòb ou oswa deskripsyon djòb ou pou kounye a (egzanp, travayè nan depo).

Enfòmasyon 2: Endike aktivite travay nòmal ou pou djòb sa a (pa egzanp, rejis envantè, dechaje kamyon, elatriye).

Enfòmasyon 3: Koche kaz kalite djòb ou t ap fè a.

Enfòmasyon 4: Antre salè brit (anvan taks) ou touche pou chak peryòd peman.

Enfòmasyon 5: Endike konbyen fwa ou te resevwa yon chèk peman (chak semèn, chak de semèn, elatriye).

Enfòmasyon 6: Endike si ou te resevwa nenpòt poubwa oswa lojman anplis peman regilye ou. Si ou te resevwa, bay deskripsyon yo.

Seksyon D – Chòk ou oswa Maladi ou:

Enfòmasyon 1: Antre dat la lè ou te pran chòk la oswa premye dat ou te remake ou te vin malad. Antre dat la nan fòm mwa/jou/ane. Mete ane a an kat (4) chif. Si sa a se yon maladi oswa yon maladi ou pran nan travay ou, ale dirèkteman nan enfòmasyon 2.

Enfòmasyon 2: Antre moman lè ou te pran chòk la. Koche kaz la si se te AM (maten) oswa PM (apre midi).

Enfòmasyon 3: Endike kote ou te pran chòk la/maladi a, tankou adrès bilding nan ak espas fizik nan bilding kote ou te pran chòk la/maladi a.

Enfòmasyon 4: Koche kaz la si se te zòn travay nòmal ou. Si se pa t sa, eksplike pou kisa ou te nan zòn sa a.

Enfòmasyon 5: Bay deskripsyon an detay sa ou t ap fè nan moman ou te pran chòk la/maladi a (pa egzanp, dechajman bwat nan yon kamyon alamen). Sa eksplike evènman ki lakòz ou pran chòk la.

Enfòmasyon 6: Bay deskripsyon an detay sou fason ou te pran chòk la/maladi a (pa egzanp, mwen t ap leve yon bwat lou pou retire li nan yon kamyon). Sa ta dwe gen ladan tout moun ak evènman ki konsène nan chòk/maladi a.

Enfòmasyon 7: Bay tout detay sou kalite ak limit chòk/maladi ou, tankou tout pati nan kò ou ki pran chòk. Pa bay twòp detay. (pa egzanp, mwen te fòse do mwen pou eseye leve yon bwat ki lou. Mwen santi doulè pou plwaye kò mwen oswa pou kenbe menm objè ki lejè kounye a.)

Enfòmasyon 8: Endike si yon objè te konsène nan aksidan ki DIFERAN AVÈK yon veyikil-a-motè ki gen lisans. Lòt objè yo ka gen ladan yon zouti (pa egzanp, mato), yon sibstans chimik (pa egzanp, asid), ekipman (pa egzanp, charyo-elevatè oswa aparèy pou pèsaj), elatriye.

Enfòmasyon 9: Endike si yon veyikil-a-motè ki gen lisans te konsène nan aksidan an. Si te gen youn, koche kaz la si veyikil-a-motè a ki konsène se pou ou, pou patwon ou, oswa pou yon twazyèm moun. Mete nimewo plak imatrikilasyon an (si ou konnen li). Si veyikil ou te konsène, bay non ak adrès konpayi asirans k ap pran responsablite pou otomobil ou.

Enfòmasyon 10: Koche kaz la si ou te bay patwon ou oswa sipèvizè ou avi sou chòk ou oswa sou maladi ou. Si ou te fè sa, endike kimoun ou te bay avi a, epitou endike si se te aloral oswa alekri. Mete dat ou te bay avi a.

Enfòmasyon 11: Koche kaz la si yon lòt moun te wè lè ou te pran chòk la. Si gen moun te wè sa, mete non moun nan (yo).

Seksyon E – Retou nan Travay:

Enfòmasyon 1: Si ou te sispann travay akòz chòk/maladi ki asosye avèk travay ou, koche kaz Wi a, epi endike nan ki dat ou te sispann travay. Si ou pa t sispann travay, koche kaz Non epi ale dirèkteman nan pwochen seksyon an.

Seksyon E – Retou nan Travay (kontinye):

- Enfòmasyon 2:** Si ou pa t retounen travay depi lè sa a, koche kaz Wi a. Epi ou endike nan ki dat ou te kòmanse travay ankò, epi ou endike si ou te retounen nan Responsablite Nòmal ou yo, oswa si ou nan Responsablite ki gen Limit oswa Restriksyon. (Si ou pa t retounen nan tout responsablite travay ou anvan ou te pran chòk la oswa maladi a, lè sa a ou sou Responsablite Limite.)
- Enfòmasyon 3:** Si ou te retounen travay, endike pou kimoun w ap travay kounye a.
- Enfòmasyon 4:** Antre salè brit ou (anvan peman taks) pou chak peryòd peman pou djòb w ap fè kounye a. Endike konbyen fwa ou resevwa yon chèk peman (chak semèn, chak de semèn, elatriye).

Seksyon F – Tretman Medikal pou Chòk sa a oswa pou Maladi sa a:

- Enfòmasyon 1:** Si ou pa t resevwa tretman medikal pou chòk/maladi sa a, koche kaz Pa t Resevwa Okenn epi ale dirèkteman nan enfòmasyon 5. Sinon, antre dat ou te resevwa tretman pou premye fwa pou chòk/maladi sa a, epi ranpli rès seksyon an.
- Enfòmasyon 2:** Koche kaz la si ou te resevwa tretman pou premye fwa nan djòb la pou chòk sa a oswa pou maladi sa a.
- Enfòmasyon 3:** Koche kaz kote ou te resevwa tretman medikal pou premye fwa lwen travay la pou chòk ou oswa pou maladi ou. Mete non ak adrès sant medikal la ak nimewo telefòn nan (ansanm avèk kòd rejyonal la).
- Enfòmasyon 4:** Si ou toujou ap resevwa tretman san rete pou menm chòk la oswa pou menm maladi a, koche kaz Wi a, epi endike non ak adrès doktè (yo) k ap bay tretman an ak nimewo telefòn yo (ansanm avèk kòd rejyonal la); sinon koche kaz Non.
- Enfòmasyon 5:** Si ou kwè ou te deja pran yon chòk nan menm pati kò ou oswa yon maladi sanblab, koche kaz Wi a, epi endike se yon doktè te trete ou pou chòk sa a oswa pou maladi sa a. Si yon doktè te trete ou, endike non (yo) ak adrès (yo) doktè (yo) ki te ba ou swen an, epi **ranpli ak klase Fòm C-3.3 ansanm avèk fòm sa a.**
- Enfòmasyon 6:** Si ou te pran yon chòk oswa maladi anvan, koche kaz la si chòk oswa maladi ou te pran anvan an te asosye avèk travay la. Si se Wi, koche kaz la si ou te pran chòk la oswa maladi a pandan ou t ap travay pou patwon ou genyen kounye a.

Siyen Fòm C-3 nan plas yo bay pou "Siyati Anplwaye nan paj 2, ekri non ou an lèt detache, epi antre dat ou te siyen fòm nan. Si yon twazyèm moun siyen sou non anplwaye a, moun sa a ta dwe siyen nan dezyèm liy siyati a. Si ou gen reprezantasyon legal, reprezantan ou dwe ranpli ak siyen seksyon otantifikasyon avoka/reprezantan an anba paj 2 a.

Sa Chak Travayè Ta Dwe Konnen Sizoka yo Pran Chòk nan Djòb yo oswa Maladi nan Travay yo:

1. Imedyatman fè patwon ou sipèvizè ou konnen kilè, ki kote ak kijan ou te pran chòk la.
2. Chèche jwenn swen medikal imedyatman.
3. Fè doktè ou konnen pou li fè rapò medikal ba Komisyon an ak ba patwon ou oswa ba konpayi asirans li.
4. Fè reklamasyon sa a pou konpansasyon, epi voye li nan Biwo Komisyon Konpansasyon Travayè ki pi pre ou. (Gade anba la a.) Si ou pa fè reklamasyon an nan dezan apre dat ou pran chòk la, sa ka lakòz ou jwenn refi pou reklamasyon ou. Si ou bezwen èd pou ranpli fòm sa a, telefòn Biwo Komisyon Konpansasyon Travayè ki pi pre ou oswa ale nan biwo a.
5. Ale nan tout odyans yo lè yo mande ou pou prezante.
6. Retounen travay nan moman ou kapab; konpansasyon an p ap janm pi plis pase salè ou.

Dwa Ou:

1. Anjeneral, ou gen dwa pou yon doktè ou chwazi trete ou, depi doktè a gen otorizasyon Komisyon an. Si patwon ou konsène nan yon aranjman avèk òganizasyon founisè swen sante prefere (PPO), ou fèt pou swiv premye tretman an nan òganizasyon founisè swen sante prefere patwon ou deziyen pou bay sèvis swen sante pou chòk pou konpansasyon travayè.
2. PA peye doktè ou lopital ou. Konpayi asirans lan ap peye bòdwo yo si pa gen diskisyon sou dosye ou. Si gen diskisyon sou dosye ou, doktè a oswa lopital la fèt pou rete tann peman an jouk lè Komisyon an pran desizyon sou dosye ou. Sizoka ou pa ale nan lajistis pou dosye ou, oswa si Komisyon an pran desizyon kont ou, w ap gen pou peye doktè a oswa lopital la.
3. Ou gen dwa pou jwenn ranbousman lajan pou medikaman, bekiy, oswa nenpòt ekipman doktè ou preskri ou, epi ou gen dwa pou jwenn ranbousman lajan pou depans pou deplasman oswa pou lòt depans ki nesè pou fè ale-vini nan klinik prive doktè ou oswa nan lopital la. (Mande resi yo pou depans sa yo.)
4. Ou gen dwa pou jwenn konpansasyon si chòk ou pran an anpeche ou travay pandan plis pase sèt (7) jou, si chòk la oblije ou travay pou pi piti salè, oswa si chòk la lakòz ou andikape nèt nan nenpòt pati kò ou.
5. Konpansasyon an peyab dirèkteman epi san ou pa rete tann yon lajan dedomajman, sof lè gen diskisyon sou reklamasyon an.
6. Travayè ki pran chòk oswa depandan travayè ki mouri ka reprezante tèt yo nan zafè yo devan Komisyon an, oswa yo ka pran yon avoka oswa yon reprezantan ki gen lisans pou reprezante yo. Si ou pran yon avoka oswa yon reprezantan ki gen lisans, Komisyon an ap evalye frè li reklame pou sèvis legal yo, epi si Komisyon an apwouve frè yo, patwon an oswa konpayi asirans lan ap peye yo sou nenpòt avantaj konpansasyon yo dwe ou. Travayè ki pran chòk yo oswa depandan travayè ki mouri yo pa ta dwe fè okenn peman dirèk ba avoka oswa reprezantan ki gen lisans ki reprezante yo nan yon dosye konpansasyon.
7. Si ou bezwen èd pou retounen nan travay, oswa pou pwoblèm famiyal oswa pou pwoblèm finansye akòz chòk ou pran an, kontakte biwo Komisyon Konpansasyon Travayè ki pi pre ou pou mande yon konseye reyabilitasyon oswa yon travayè sosyal.

Ou ta dwe fè depo fòm sa a depi ou voye li dirèkteman nan adrès ki endike anba la a:

**New York State Workers' Compensation Board
Centralized Mailing
PO Box 5205
Binghamton, NY 13902-5205**

Nimewo Sèvis Kliyan pou Rele Gratis: 877-632-4996